МБОУ «Гимназия № 35»

Утверждаю:
Директор гимназии № 35
Меджидова Ч.М

# Рабочая программа по родному (аварскому) языку 5 - 9 класс

**Составила:**
**Магомедова**
**Гулишат Абдусаламовна**

# 5 – 9 классазул х1алт1ул программа г1уц1ун буго х1укуматалъул аслиял федералиял т1алабазда рекъон, Авар ва Дагъистан адабияталъул программаги кьоч1ое босун (Мах1ачхъала: ООО «Издательство НИИ педагогики»)

## ПРОГРАММАЯЛЪЕ БАЯН

...Школалъул цIакъго кIвар бугеб масъалалъун ккола гIун бачIунеб гIелалъе щулияб ва гъваридаб лъай кьей, гьезулъ гьеб лъай практикаялда хIалтIизабизе бажари ва ругьунлъи лъугьинаби, дунялалдехун материалистияб бербалагьи бижизаби.

Авар литературияб мацIалъул кьучI ккола бол мацI, амма литературияб мацI бечелъизе кIвар бугеб магIданлъун ккола киналго диалектал ва наречиял. Цогидал мацIазго гIадин, авар мацIалъги гIаммаб куцалда тIолго магIарулазул рухIияб бечелъи жанибе бачуна.

Ахираб заманалда гIисинал миллатазул мацIал церетIеялде цIикIкIараб кIвар кьолеб буго. Гьел миллатазул рукIа-рахъин цебетIеялдаго цадахъ, гьезул мацIалги бечелъула, церетIола ва хадубккунги гьел церетIезаризе руго.

**Школалда авар мацI малъиялда церечIарал масъалаби.**

Авар мацI школалда лъазабиялда церечIарал масъалабилъун ккола: цIалдохъабазул кIалзул ва хъвавул калам цебетIезаби, пасихIго цIали камиллъизаби ва каламалъул культура борхизаби.

Школалда авар мацI малъиялъул мурад буго: цIалдохъабазе фонетикаялъул, лексикаялъул, рагIи лъугьиналъул ва хисиялъул, грамматикаялъул, стилистикаялъул хIакъалъулъ лъай щвей, жамгIияб гIумруялда жаниб гьелъул кIваралъул хIакъалъулъ баянал кьей, битIунхъваялъул ва лъалхъул ишараби лъеялъул иш камиллъизаби, лъималазул рагIул нахърател бечелъизаби.

**V – IX классазда авар мацIалъул курсалъул гIуцIи**

Рахьдал мацIалъул программаялда рекъон, V – IX классазда цIалдохъабазда малъизе ккола фонетика, графика, лексика, рагIи лъугьин, грамматика (морфология, синтиксис). Гьединго цIалдохъабазда лъазе ккола стилистикаялъул ва мацIалъул хIакъалъулъ гIаммал гIелмиял баянал. ЦIалдохъаби ругьунлъизе ккола битIун хъвазе, битIун цIализе, калам гIуцIизе ва лъалхъул ишараби лъезе.

Авар мацIалъул материал гьадин бикьун буго: V,VI ва VII классазда малъула фонетика, лексика, рагIи лъугьин, морфология ва битIунхъвай. Синтаксис

лъазабула VIII – IX классазда. Амма синтаксисалъул ва лъалхъул ишарабазул хIакъалъулъ бищун гIадатал (авалиял) баянал V классалдаго кьола, морфологияб курс синтаксисалъул кьучIалда лъазабизе, калам цебетIезабиялъул ва пунктуациялъул хIалтIаби гьаризе рес букIине. Гьел церехун рехсарал рахъазул хIисабги гьабун, программаялда материал линейно-ступенчатый принципалда рекъон кьун буго. Гьединаб принципги кьочIое босун, «Лексика», «РагIи лъугьин», «Предметияб цIар» гIадал темаби V ва VI классазда, «Глагол» V,VI ва VII классазда кьун руго. «БитIараб ва хъвалсараб калам» абураб тема V ва IX классазда малъулеб буго. ХутIарал темаби цадахъго малъизе рихьизарун руго. Такрарлъулел темаби хадусел классазда малъула гъваридго ва гIатIидго. Гьединго программаялда дандчIвала байбихьул классазда лъималаз лъай-хъвай гьабурал темабиги. Гьединал темаби гIатIидго малъизе ккола.

Программаялда тIолабго материал кьун буго лъималазул гIелазул хаслъабиги хIисабалде росун.

Программаялда кьурал темабазе сагIтал рикьун руго мисалияб къагIидаялъ. Учителасул ихтияр буго мустахIикъаблъун бихьараб бакIалда сагIтазул хиса-баси гьабизе, ай, цо темаялдаса тIаса рахъун, хIажатаблъун бихьулеб цогидаб тема малъиялъе цIикIкIинаризе.

**ЦIалдохъабазул калам цебетIезаби ва гьел пасихIго цIализе ругьун гьари.**

Школалда авар мацI малъиялъ цIалдохъабазул логикияб пикру ва калам цебетIезабула.

Калам цебетIезабиялъе цоцада хурхараб лъабго нух буго.

Калам цебетIеялъул тIоцебесеб нух буго авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьаби.

Авар мацIалъул дарсазда лъималазул рагIул нахърател бечед гьабула батIи-батIиял словариял хIалтIабаздалъун, учебникалда ругел ругьунлъиялъул хIалтIабазул текстаздалъун, кIалзул ва хъвавул изложенияздалъун, сочинениялдалъун. ЦIалдохъабазулгун словарияб хIалтIи гьабулелъул, гьел, жалго жидедаго чIун, ричIчIуларел рагIаби ратизе, гьезул магIна учителасда гьикъизе ругьун гьари, словараздаса битIун пайда босизе лъай – бищунго кIвар бугел хIалтIабилъун ккола.

Калам цебетIезабиялъул кIиабилеб нух буго авар литературияб мацIалъул рагIаби лъугьиналъул, гьел дандраялъул, предложениял гIуцIиялъул, битIун цIалиялъул ва гь. ц. нормаби лъай. Гьеб рахъалъ программаялда жиб-жиб темаялъул кIиабилеб пункталда гъоркь чIванкъотIун бихьизабун буго щибаб классалда лъималазе щвезе кколеб лъайги гьезухъа лъугьине кколеб бажариги.

Калам цебетIезабиялъул лъабабилеб нухги буго авар мацIалъул дарсазда батIи-батIияб темаялъул ва жанралъул материалазда тIасан цIалдохъаби кIалъазе ругьун гьари.

Калам гIуцIизе цIалдохъаби ругьун гьариялъе лъикIалан заманги бихьизабун буго (Авар мацIалъе рихьизарурал сагIтазул щуго бутIа гьабун цо бутIа). Калам гIуцIизе ругьун гьари цIикIкIараб кIвар бугеб иш бугелъул, гьелъие мацIалъул программаялда жиб-жиб классалъе батIаго темабиги кьун руго.

ЦIалдохъанасда лъазе ккола TEKСталда тIад хIалтIизе, гьелъул аслияб пикру батизе, къокъаб ва гIатIидаб план гIуцIизе, гьелда рекъон материал тартибалдеги ккезабун, бицунги хъванги изложение тIобитIизе.

Авар мацӀалъул дарсазда кӀвар кьезе ккола цӀалдохъабазул кӀалзул монологияб калам камиллъизабиялде. Гьелъие гӀоло цӀалдохъаби тӀамизе ккола батӀи-батӀиял темабазда тӀасан кӀалъазе.

ТӀолабго лъагӀалида жанир гьарурал хӀалтӀабаздалъунги, изложенияздалъунги, сочинenияздалъунги цӀалдохъабазулъ битӀараб кӀалзул ва хъвавул калам гӀуцӀиялъул бажари лъугьине буго.

Изложениязе текстал ва сочинениязе темаби тӀаса рищулеб мехалъ, гьел тарбия кьеялъул ва гӀелмияб рахъалъан дандекколел рукӀине ккола.

ЦӀалдохъабазул калам цебетӀезабиялъе бихьизабураб лъабабго нухалъ гьезул каламалъулъ дандчӀвалел гӀунгутӀаби ва гъалатӀал тӀагӀинаризе квербакъула.

ЦӀалдохъабазул калам цебетӀезабиялда бухьараб буго пасихӀго цӀализе лъазабиялъул ишги.

ПасихӀго цӀалиялъул ругьунлъаби камиллъизаризе, художествиял текстал (хабар, маргъа, кечӀ) росула.

ПасихӀго цӀализе лъимал ругьун гьариялъе синтаксис лъаялъулги кӀудияб кӀвар буго. Гьелъ рес кьола калам камил гьабизе ва цебетӀезабизе.

БитӀунхъваялъул рахъалъ бажари борхизабула, батӀи-батӀияб тайпаялъул (гӀинзулаб, берзулаб, кантӀизариялъулаб, баян гьабиялъулаб, творческияб гӀадал) диктантал гьарун.

Контролияб диктанталъе цо дарсил лъикӀалан заман кьезе кколеб батани, битӀун хъвазе ругьун гьариялъе ругел батӀи-батӀиял диктантазе дарсил цо бутӀа кьуниги гӀезе буго.

Диктантазе росулел текстал къваригӀарал орфограммабазул рахъалъ бечедал рукӀине ккела. Гьединаб къокъаб диктант, кӀиго анкьида жиниб цо нухалдагӀаги гьабуни, лъикӀ букӀина.

Учителасе кумекалъе программаялъул ахиралда хъвавул хӀалтӀабазул (диктантазул, изложениязул ва сочинениязул) къадар бихьизабураб таблица кьун буго.

**Авар мацӀалъул дарсазда цоги предметазулгун бухьен**

Школалда цӀалдохъабаз аслияб куцалда лъазабула литературияб мацӀ. Гьединлъидал щулияб бухьен букӀине ккола адабияталъул курсалъулгун. Гьениб кӀвар кьезе ккола художествиял асаразде. Гьелъ рес кьола мацӀалъул цо-цо хаслъи цебечӀезабизе, рагӀаби хӀалтӀизариялда, грамматикиял формабазда, батӀи-батӀиял синтаксисиял гӀуцӀабазда, тексталъул бутӀабазул ва предложениязул бухьеналъул къагӀидабазда, калам хӀалтӀизабиялъул батӀи-батӀиял рахъазда хурхарал суалал баян гьаризе.

КӀудияб кӀвар буго гӀурус мацӀалъулгун бухьен кквеялъулги. Гьелъги рес кьола кӀиябго мацӀалъул грамматикиял гӀаммал ва хасал рахъал чӀезаризе, ай, цого классалда гьеб кӀиябго мацӀ лъазабулелъул, гьезул дандекколелги кколарелги рахъазул хӀисаб гьабун, дарс кьей чара гьечӀеб методикияб къагӀидалъун ккола. Гьебго абизе бегьула школалда лъазабулеб къватӀисеб пачалихъалъул мацӀалъул хӀакъалъулъги.

## V класс (68 сагIат)

| Тема | Саг1ат |
|---|---|
| Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби | 8 |
| Синтаксис ва пунктуация | 17 |
| Фонетика ва графика. Орфография. | 9 |
| Лексика | 7 |
| РагIи лъугьин ва орфография | 5 |
| МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ | |
| Предметияб ц1ар | 4 |
| Глаголал | 6 |
| Калам цебетIезаби (11 сагIат) | |
| Диктант | 6 |
| Гъалат1азда т1ад х1алт1и | 3 |
| Изложение | 1 |
| Сочинение | 1 |
| Такрар гьаби (1 сагIат) | |

## VI КЛАСС (68 сагIат)

| Тема | Саг1ат |
|---|---|
| Лексика ва фразеология | 8 |
| Раг1и лъугьин ва бит1унхъвай | 6 |
| Предмектияб ц1ар | 9 |
| Прилагательное | 7 |
| Рик1к1ен | 7 |
| Ц1арубак1 | 5 |
| Причастие | 6 |
| Деепричастие | 4 |
| Калам цебетIезаби (14 сагIат) | |
| Диктант | 6 |
| Гъалат1азда т1ад х1алт1и | 4 |
| Изложение | 1 |
| Сочинение | 1 |
| Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и | 2 |
| Такрар гьаби (2 сагIат) | |

## VII КЛАСС (68 сагIат)

| Тема | Саг1ат |
|---|---|
| Морфология ва орфография (29 саг1ат) | |
| Глагол | 21 |
| Наречие | 8 |
| Кумекалъул каламалъул бут1аби (13 саг1ат) | |
| Союзал | 4 |
| Частицаби | 3 |
| Хадурег1ел | 3 |
| Междометие | 3 |
| Калам цебетIезаби (17 сагIат) | |
| Диктант | 6 |
| Гъалат1азда т1ад х1алт1и | 6 |
| Изложение | 1 |
| Сочинение | 1 |
| Жалго жидедаго ч1ун х1алт1и | 3 |
| Такрар гьаби (9 саг1ат) | |

## VIII КЛАСС (34 сагIат)

| Тема | Саг1ат |
|---|---|
| РагIабазул дандрай | 3 |
| Предложение | 3 |
| Предложениялъул бетIерал членал | 5 |
| Предложениялъул бетIерал гурел членал | 4 |
| ГIуцIиялъул рахъалъ гIадатаб предложениялъул тайпаби | 2 |
| Предложениялъул тайпа цоял членал | 4 |
| ХитIабгун, гьоркьор ккарал рагIабигун, У ва ГУРО рагIабигун ва междометиялгун предложениял | 3 |
| РатIалъизарурал членалгун предложениял | 3 |
| Такрар гьаби | 3 |
| Калам цебетIезаби (4 сагIат) | |
| Диктант | 4 |

## IX КЛАСС (34 сагӀат)

| Тема | Саг1ат |
|---|---|
| Жубараб предложение | 1 |
| Журарал сокӀкӀарал предложениял | 5 |
| СоюзрагӀабигун журарал нахърилълъарал предложениял | 3 |
| Нахърилълъиналъул союзрагӀаби гьечӀого журарал нахърилълъарал предложениял ва гьезул гӀуцӀи | 11 |
| Союзал гьечӀел журарал предложениял | 1 |
| БитӀараб ва хъвалсараб калам | 3 |
| МацӀалъул хӀакъалъулъ гӀаммал баянал | 2 |
| Такрар гьаби | 3 |
| Калам цебетӀезаби (5 сагӀат) | |
| Диктант | 4 |
| Гъалат1азда т1ад х1алт1и | 1 |

# Ц1алдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял т1алабал.

**V классалъул цӀалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тӀалабал.**

**ЦӀалдохъабазда лъазе ккола:**

рагӀул битӀараб ва хъвалсараб, гӀемер ва цо магӀна букӀин, омонимал, синонимал ва антонимал;

фонетикияб, морфологияб ва рагӀул гӀуцӀиялъул разбор гьабизе;

батӀи-батӀиял тайпабазул гӀадатал предложениял гӀуцӀизе;

гӀадатал предложенияздасан союзаздалъунги союзал гьечӀогоги журарал предложениял гӀуцӀизе;

учебникалда кьурал схемабазда рекъон, предложениял гӀуцӀизе;

аслуялъулъ хиси кколел предметиял цӀаразул гӀемерлъул форма битӀун лъугьинабизе.

**Щалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

орфографиялъул рахъалъан: гӀадамазул ва географиял цӀаразул; къватӀазул, байданазул ва пачалихъиял байрамазул цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе;

тӀахьазул, газетазул, журналазул, суратазул, кинофильмабазул, литературиял асаразул цӀаразул бетӀералда кӀудияб хӀарп хъвазе ва кавычкаби лъезе;

журарал рагӀаби битӀун хъвазе;

кули, нус, муч, хӀуби ва гӀор гӀадал рагӀаби битӀун падежазде сверизаризе.

Пунктуациялъул рахъалъан: хитIабазулъ лъалхъул ишараби лъезе; журарал предложениязулъ запятаял лъезе;

тайпа цоял членазулъ ва битIараб каламгун предложениялъулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Орфоэпиялъул рахъалъан:

геминатал ва лабиалиял гьаркьал битIун рахъизе; бакIалъул диалекталде дандеккун литературияб мацIалъулъ ругел батIи-батIиял гьаркьал битIун рахъизе.

Калам гIуцIиялъул рахъалъан:

тексталъул тема ва аслияб пикру чIезабизе;

хабарияб тексталъул гIадатаб план гIуцIизе;

дурусго ва къокъго хабариял текстал рицине ва хъвазе;

бихьизабураб темаялда тIасан сочинение хъвазе;

жинцаго гьабураб хIалтIул хIакъалъулъ хабар хъвазе ва бицине;

информацияб тайпаялъул кагъат хъвазе;

жиндирго пикру баянго, дурусго бицине, берцинго хъвазе, хIажат гьечIеб такрарлъи биччангутIизе, жиндирго каламалъулъ лексикиял синонимал хIалтIизаризе.

## VI классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

цогидал мацIаздаса рачIарал рагIаби, цIиял ва басралъарал рагIаби, фразеологиял сверелал;

морфологияб къагIидаялда рагIи лъугьинабизе;

цолъул ва гIемерлъул формаялда предметиял цIарал падежазде сверизаризе;

гIадатаб ва жубараб прилагательное лъугьинабизе;

иргадул рикIкIеналгун предметиял цIарал рекъон ккезаризе;

причастиял ва деепричастиял лъугьинаризе;

рагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

орфографиялъул рахъалъан:

предметияб цIаралъул суффиксал битIун хъвазе;

журарал предметиял цIарал битIун хъвазе;

батIи-батIиял каламалъул бутIабаздаса лъугьарал прилагательноял битIун хъвазе;

рикIкIен ва цIарубакIал битIун хъвазе.

Пунктуациялъул рахъалъан:

причастиял ва деепричастиял сверелазулъ лъалхъул ишараби лъезе.

Орфоэпиялъул рахъалъан:

гIемерлъул формаялда цIарубакIазул падежиял ахирал битIун цIализе.

Калам гIуцIиялъул рахъалъан:

жубараб план гIуцIизе;

батIи-батIиял темабазда тIасан хабарияб тайпаялъул текст дурусго ва къокъго бицине;

темаялъул аслияб пикруги хIисабалде босун, сочинениялъе материал данде гьабизе ва гьеб тартибалде ккезабизе;

цо сундул бугониги цебе суратги чIезабун, хабар гIуцIизе; бахIс ккараб темаялда тIасан макъала хъвазе.

## VII классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**Щалдохъабазда лъазе ккола:**

VII классалда лъазарурал жалго жидедаго чIарал ва кумекалъулал каламалъул бутIаби баян гьаризе;

глаголалъул батIи-батIиял формаби лъугьинаризе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

орфографиялъул рахъалъан:

байбихьул классазда ва V, VI, VII классазда лъазабураб мацIалъул материалалда данде кколел орфограммаби баян гьаризе;

глаголал битIун хъвазе;

союзал, хадурегIел ва частицаби битIун хъвазе.

Пунктуациялъул рахъалъан:

междометиязда хадуб запятая яги ахIул ишара лъезе.

Орфоэпиялъул рахъалъан:

глаголал, наречиял (аскIоб, цебе, гъорлъ ва гь. ц.) ва частицаби, авар литературияб мацIалъул орфоэпия цIунун, цIализе.

Калам гIуцIиялъул рахъалъан:

гIадамасул сипат-сураталъулги хIалтIул иналъулги описаниялъул элементал ругеб хабариб тексталъул гIатIидгоги къокъгоги изложение хъвазе;

гIадамасул хIалтIул иналъул сурат цебечIезабун, хъвазе; бихьизабураб сюжеталда рекъон, харбал хъвазе;

жалго цIалдохъабазул гIумруялда хурхарал, жидерго пикру бициналъулал сочинениял хъвазе.

## VIII классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

рагIабазул дандраязул, батIи-батIиял тайпабазул гIадатал предложениязул, ратIалъизарурал членалгун предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;

рагIабазда гьоркьоб бугеб бухьен баян гьабизе;

цо составалъул, кIиго составалъул ва лъабго составалъул, тайпа цоял ва ратIалъизарурал членал, хитIабал ва гьоркьор ккарал рагIаби ругел гIадатал предложениял гIуцIизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

пунктуациялъул рахъалъан:

VIII классалда малъарал пунктограммаби ратун, гьенир лъалхъул ишараби лъезе;

тайпа цоял членал, хитIаб, гьоркьор ккарал рагIаби ва междометиял, ратIалъизарурал членал ругел предложениязулъ лъалхъул ишараби лъезе;

кколеб бакIалда подлежащеялдаги сказуемоялдаги гьоркьоб тире лъезе.

Калам гIуцIиялъул рахъалъан:

культуриял ва тарихиял бакIазул сурат цебечIезабулел текстазда тIасан изложение хъвазе;

художествиял текстал пасихIго цIализе;
жиндирго автобиография бицине (абунги хъванги);
газеталъе макъалаби, данделъиялъул протокол хъвазе;
захIматалъул темаялда ва гь.ц. тIасан творческиял сочинениял хъвазе.

## IX классалъул цIалдохъабазул лъаялдехун ва бажариялдехун ругел аслиял тIалабал

**ЦIалдохъабазда лъазе ккола:**

журарал предложениязул синтаксисияб разбор гьабизе;
батIи-батIияб тайпаялъул журарал предложениял данде гьаризе;
битIараб калам хъвалсаралде сверизабизе.

**ЦIалдохъабазухъа бажаризе ккола:**

пунктуациялъул рахъалъан:
жубараб сокIкIараб предложениялъул бутIабазда гьоркьоб
запятая лъезе;
жубараб предложениялъул бетIераб ва тIаджубараб бутIаялда гьоркьоб кколелъуб запятая лъезе.
союз гьечIеб жубараб предложениялълъ хIажатал лъалхъул ишараби лъезе;
IX классалда лъазарурал пунктограммаби ратизе ва лъалхъул ишарабазе баян кьезе.
Калам гIуцIиялъул рахъалъан:
цо чIараб темаялъул хIакъалъулъ кIудияб асаралъул
тIасарищарал бакIал рицине;
2-3 асаралда тIасан доклад хIадур гьабизе;
гьитIинаб ялъуни кIудияб макъалаялда тIасан конспект ялъуни тезисал хIадуризе;
жалго жидедаго чIун, тIасабищараб темаялда тIасан публицистияб стилалъул сочинение хъвазе;
гIарза ва автобиография хъвазе;
МацIалъул ва магIнаялъул рахъалъан сочинение камиллъизабизе.
Орфоэпиялъул рахъалъан:
кIалзул калам литературияб норма цIунараб ва диалектаздаса бацIцIадаб букIинабизе.